

Fèy Enfòmasyon pou Pasyan ak Kesyon yo Poze Souvan sou Vaksen J&J a

April 19, 2021

Ou petèt tande gouvènman federal la rekòmande pou sispann itilizasyon vaksen J&J an poutèt enkyetid sou boul san ra. Nou konnen nouvèl sa a enkyetan. Men sa ou dwe konnen:

Vaksen kont COVID nan CHA

Nan moman an, CHA p ap bay ankenn dòz vaksen J&J an. N ap suiv enstriksyon CDC ak FDA sou kijan ak ki lè pou nou sèvi ak vaksen sa a pi devan.

Si ou oswa yon pwòch ou resevwa vaksen J&J an

FDA ak CDC rapòte yon pwoblèm boul san ra kay yon ti kantite pasyan ki te resevwa vaksen J&J an. Menm si sa grav, sa ra anpil tou, avèk sèlman 6 ka yo rapòte sou prèske 7 milyon dòz yo bay. Tout pasyan sa yo se te fanm ant 18 ak 48 an ki te resevwa vaksen J&J an nan de semèn ki sot pase yo.

Si mwen te resevwa vaksen J&J an, èske fò m fè kwakseswa?

Ou pa bezwen fè anyen si ou te pran vaksen J&J an epi ou gen efè segondè ki genyen souvan yo. Gen anpil pasyan ki vin gen doulè oswa iritasyon kote yo te pran piki an, lafyèv oswa frison, ak doulè nan mis apre vaksen J&J an. Si ou vin gen nenpòt sentòm k ap enkyete ou, tanpri rele ekip swen w lan.

Ki sentòm ki pou enkyete mwen?

Nou rekòmande chèche swen touswit (rele 9-1-1) si ou vin gen nenpòt nan sentòm ki annapre yo:

- Yon gwo maltèt k ap vin pi mal amezi tan ap pase e ki pa ale
- Feblès oswa angoudisman sou yon bò, difikilte pale, oswa kriz
- Gwo malvant yon sèl kou
- Nouvo gwo doulè nan do
- Nouvo san kaye sou po oswa senyen anòmal
- Anfleman oswa gwo doulè nan yon janm
- Nouvo gwo doulè nan pwatrin oswa souf kout

Si ou gen lòt sentòm k ap trakase ou, oswa si ou gen kesyon, pa ezite kontakte ekip swen w lan.